



Vèsyon 9/2022

# Edikasyon Nitrisyon



MannaPack® Pòm detè-W

# MannaPack® Potato-W

## ISTORIK:

Selon Òganizasyon Mondyal Lasante, “Sèlman kèk timoun resevwa manje konplemantè ki apwopriye yo san danje; Nan anpil peyi mwens pase yon katriyèm (1/4) nan ti bebe ki genyen 6-23 mwa laj satisfè kritè yo nan divèsite rejim ak frekans manje ki apwopriye pou laj yo. “Òganizasyon Mondyal Lasante ak UNICEF rekòmande ”entwodiksyon manje konplemantè apwopriye yo (solid) lan 6 mwa, epi kontinye bay tete jiskaske ti bebe a gen 2 zan laj oswa plis toujou.”

Itilizasyon MannaPackPòm detè-W baze sou rekomandasyon Òganizasyon Mondyal Lasante ak UNICEF. Sepandan, manman yo ak moun kap bay ti bebe yo swen ta dwe konsilte ak ekip swen sante yo pou yo ka rive deside kisa ki pi bon pou sikonstans yo.

Referans: Òganizasyon Mondyal Lasante. Tibebe ak manje pou jenn timoun . 9 jen 2021. Disponib nan: <https://www.who.int/news-room/fact-sheets/detail/infant-and-young-child-feeding>

Resous: (òganizasyon Agrikilti ak Manje (FAO) nan Nasyonzini. Manje konplemantè pou timoun ki gen laj 6-23 mwa. Disponib nan: <https://www.fao.org/3/AM866E/AM866E00.pdf>

# Lè pou sèvi ak Mannapack Pòm detè-W ak lòt manje konplèmantè:



Vèsyon 9/2022

## KONSÈP:

Òganizasyon Mondyal Lasante, ak UNICEF, ak anpil lòt òganizasyon sante rekòmande pou bay tete san kanpe pou tibebe ki fenk fèt pou sis premye mwa yo. Apre ti bebe a gen 6 mwa, manje konplèmantè a ka ajoute. Manje ki prepare san danje ap gen ladan ti pòsyon nan manje ki pire oswa kraze pou ti bebe. Diferant kalite manje pral enpòtan pou bay yon rejim ekilibre yon ti bebe bezwen. Manje sa yo ka gen ladan manje enèji (tankou grenn), manje pwoteyin (tankou pwason, bèt volay, vyann, ak soya), ak legim ak fwi. Yon rejim ekilibre ap ede timoun nan kontinye grandi ak devlope pandan y'ap kontinye bay tete ak evantyèlman sevre soti nan bay tete.

MANNAPACK Pòm detè-W se yon manje konplèmantè pou ti bebe ki gen laj 6-12 mwa. Yo itilize li pou konplete nitrisyon apre peryòd eksklizif bay tete. MANNAPACK Pòm detè-W pa ta dwe itilize pou ranplase lòt manje.

## GID FÒMATÈ:

### **Kisa ou wè nan foto sa yo?**

*Repons yo ka:*


- *Nou dwe kontinye ak alètman sèlman pou 6 premye mwa yo.*
- *Apre 6 mwa, lòt manje ak Mannapak pòm detè-W ka ajoute pou bay yon varyete de manje.*
- *Manje ekilibre yo ajoute gen ladan manje ki gen lanmidon ladan (diri, mayi, pòm detè), manje pwoteyin (vyann, pwason, bèt volay, pwa, soya, nwa), ak legim ak fwi.*



Vèsyon 9/2022



-





Vèsyon 9/2022

# Ki manje ki nan Mannapack Pòm detè-W?


## KONSÈP:

MannaPak Pòm detè-W bay yon labouyi ki fèt ak yon varyete manje ak eleman nitritif enpòtan nan kwasans ak devlopman yon ti bebe. MannaPak Pòm detè-W fèt ak pòm detè sèk, farin soya, ak yon melanj de vitamin ak mineral nan nivo yo rekòmande selon Òganizasyon Mondyal Lasante pou laj 6 a 12 mwa.

## GID FÒMATÈ:

### **Kisa ou wè nan foto sa yo?**

*Repons yo ka: MannaPak Pòm detè-W gen yon balans nan manje ki rekòmande pou manje konplemantè yo oswa alètman siplemantè.*



# Konsèvasyon Bwàt ak Pakè MannaPak Pòmdechè-W



Vèsyon 9/2022

## KONSÈP:

Mannapak Pòmdechè-W pa dwe estoke atè. Li dwe estoke lwen mi yo, nan yon chanm kote lè ka antre. MannaPak Pòmdechè-W dwe yon kote ki pwoteje de ensèk ak wonjè, epi pa estoke li tou prè pwodwi chimik ki toksik. MannaPak Pòmdechè-W ta dwe estoke nan yon gad manje ki fèmèn oswa nan yon chanm.

## GID FÒMATÈ:

### **Ki sa ou wè nan foto yo nan premye ranje a?**

Repons yo ka: Moun yo ap mete pakè a ak bwat la sou yon tab ki ka rete nan yon chanm. Pa mete bwat la atè a.

### **Ki sa ou panse kalandriye a vle di?**

Repons yo ka: Prodwi yo dwe estoke epi itilize yo avan 18 mwa.

### **Poukisa ou panse ou pa dwe mete pwodwi a sou yon sifas atè?**

Repons yo ka:

- Pou kenbe li an sekirite kont enfeksyon (pinèz ak wonjè) ak kont domaj nan dlo oswa lòt bagay ki ta ka atè a.
- Si pwodwi a enfekte, ou dwe jete l lwen.

### **Nan enstitisyon ou, èske ou sere manje a nan yon kote ki an sekirite? Èske li dwe fèmèn?**

Repons yo ka: Pou enstitisyon nou an li ka bezwen fèmèn pou anpeche vòl. Lè yo voye manje nan yon kay, li pa bezwen fèmèn.

### **Ki jan ou panse pwodwi ki louvri yo ta dwe estoke?**




Repons yo ka : Sele tèt la byen sere ak sachè ki ka fèmèn oswa mete li nan yon veso ki pa pran dlo epi mete yon kouvèti sou li.

### **Kisa ou dwe fè si pwodwi a vin jòn oswa pi fonsè nan koulè oswa si poud yo vinn fè boul?**

Repons yo ka: chanjman nan koulè k lè a ka rive lè pwodwi a estoke pandan lontan nan yon espas ki fè cho anpil. Li pa gate pwodwi a epi li ka toujou itilize pou fè manje.

### **Kisa ou ta dwe fè si pwodwi a gen mwazi oswa si gen ensèk oswa arenye nan melanj la?**

Repons yo ka: si gen mwazi oswa gen ensèk oswa arenye, sa vle di ke pwodwi a ka kontamine epi yo pa dwe itilize li.





# Preparasyon MannaPack Pòm detè-W san danje



Vèsyon 9/2022

## KONSÈP:

Tout manje yo ta dwe prepare san danje epi ijyenikman. Preparasyon gen ladan ajoute dlo pwòp oswa lòt likid pwòp likid nan MannaPack Potato-W epi brase pou melanje.

## GID FÒMATÈ:

### **Kisa ou wè nan ranje foto ki anlè a?**

Repons yo ka:

- netwayaj sifas, po, kiyè, ak bòl yo
- lavaj men

### **Ki sa ki bezwen pwòp pou prepare MannaPack Pòm detè-W?**

Repons yo ka: tout sifas, po, istansil, ak men.

### **Poukisa li enpòtan pou pwòpte kote nap sèvi yo, po ak istansil yo, ak men w anvan w prepare manje?**

Repons yo ka: pou asire ke manje an sekirite pou manje l, epi pou li pa fè nou malad.

### **Kisa ou wè nan foto ki nan dezyèm ranje a?**

Repons yo ka: kijan pou prepare repa a ak apeprè 1/3 tas dlo pwòp/potab vide nan yon tas oswa yon bòl pwòp. Avèk yon kiyè pwòp, ajoute 3 gwo kiyè MannaPack Pòm detè--W. Bwase li ak yon kiyè jiskaske manje a vin yon labouyi pwès.



Vèsyon 9/2022



# Ajoute Lòt Manje nan MannaPack Pòmdetè- W



Vèsyon 9/2022

## KONSÈP:

Manje MannaPack Pòmdetè-W ka vin pi nourisan lè yo ajoute legim lokal yo, manje ki gen pwoteyin, ak/oswa fwi. Manje ki ajoute yo dwe byen prepare epi yo dwe ajoute pire (manje kraze) nan MannaPack Pòmdetè-W anvan yo sèvi yo. Nou ta dwe prepare sèlman sa ki nesèsè pou repa a paske yon ti bebe ka fasilman vin malad si li konsome manje ki gate.

LÒT MANM NAN FANMI AN KA MANJE RÈS MANJE KI GENYEN AN TOUSWIT OUBYEN VOYE LI JETE.  
PA CHOFE MANNAPACK PÒMDETÈ-W POU BAY NI TI BEBE OSWA LÒT MANM FANMI AN MANJE!

## GID FÒMATÈ:


### **Kisa ou wè nan foto sa yo?**

Repons yo ka:

- MannaPack Pòmdetè- W a dwe byen prepare nan liyèn.
- Ou ka ajoute lòt manje apwopriye nan labouyi a. Sa ki ajoute yo dwe byen prepare nan respè prensip liyèn yo epi byen kraze yo. Legim ki apwopriye ka koupe an ti moso epi kwit yo anvan ou ajoute yo nan labouyi a. Fwi yo ka netwaye, kale, ak pire anvan ou ajoute yo nan labouyi a.

### **Ki sa nou ta dwe fè ak nenpòt rès manje MannaPack Pòmdetè-W ki prepare?**

Repons yo ka: Nou ta dwe prepare sèlman sa ki nesèsè pou repa a paske yon ti bebe ka fasilman vin malad si li konsome manje ki gate. LÒT MANM NAN FANMI AN KA MANJE RÈS MANJE KI GENYEN AN TOUSWIT OUBYEN VOYE LI JETE. PA CHOFE MANNAPACK PÒMDETÈ-W POU BAY NI TI BEBE OSWA LÒT MANM FANMI AN MANJE!



# MannaPack® Pòm detè-W